

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

Dina ieu bab dipedar kacindekan, implikasi, jeung rekomendasi tina hasil panalungtikan anu aya patalina jeung judul ieu panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis di bab IV , hasil panalungtikan bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis wawaran siswa siswakeselas VII D SMPN 44 Bandung Taun ajaran 2014/2015 saméméh dilarapkeun modél *concept sentence* hasilna masih aya dina kategori can mampuh kalayan rata-rata peunteun siswa 66,64. Dumasar hasil analisis katitén yén saméméh dilarapkeun modél *concept sentence* hasil prates siswa tina 34 siswa, ngan 6 siswa anu aya dina kategori mampuh nulis wawaran. Kamampuh nulis wawaran siswa sabada dilarapkeun modél *concept sentence* dina ieu aspék ngaronjat, aya dina rata-rata skor 80,4 nyaéta aya dina kategori sedeng. Dumasar hasil analisis katitén yén sabada dilarapkeun modél *concept sentence*, hasil pascates siswa tina 34 siswa, ngan 8 siswa anu aya dina kategori can mampuh.

Kamampuh nulis wawaran siswa saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*, hasilna ngaronjat. Kamampuh nulis wawaran siswa siswa kelas VII D SMPN 44 Bandung Taun ajaran 2014/2015 saméméh dilarapkeun modél *concept sentence* hasilna masih aya dina kategori can mampuh, sedengkeun kamampuh nulis wawaran siswa sabada dilarapkeun modél *concept sentence* ngaronjat, jadi aya dina kriteria mampuh. Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis wawaran siswa kelas VII D SMPN 44 Bandung Taun ajaran 2014/2015 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél *concept sentence*. Ieu hal dumasar kana uji hipotesis anu ngahasilkeun $t_{itung} > t_{tabel}$, nyaéta $6,27 > 2,45$, hartina hipotesis ditarima. Jadi, modél pangajaran *concept sentence* mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis wawaran siswa kelas VII D SMPN 44 Bandung Taun ajaran 2014/2015.

5.2 Implikasi

Saupama aya nu nalungtik deui ngeunaan modél pangajaran *concept sentence* aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, nya éta kudu milih materi anu bener-bener luyu jeung ieu modél, kudu leuwih taliti merhatikeun kagiatan siswa dina prak-prakan panalungtikanna sangkan naon anu dipiharep ku panalungtik saluyu jeung runtuyan panalungtikan anu geus diruntuykeun sarta dina milih kecap galeuh kudu kreatif sangkan pangaweruh kandaga kecap basa Sunda siswa nambahan.

5.3 Rekomendasi

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan aya sababaraha mangpaat anu bisa dicokot. Salah sahijina, modél pangajaran *concept sentence* dina ieu panalungtikan bisa ngaronjatkeun kamapuh nulis siswa kelas VII D SMPN 44 Bandung. Ku kituna, ieu modél pangajaran bisa jadi alternative dina nepikeun pangajaran nulis wawaran sarta bisa ngajembaran deui kreatifitas guru dina nepikeun materi pangajaran.

Salian ti éta modél pangajaran *concept sentence*ogé miboga kaonjoyan sangkan bisa ngalatih siswa pikeun diajar mikir kreatif dina mekarkeun kecap galeuh jadi hiji kalimah atawa paragraf.

Tapi saupama modél pangajaran *concept sentence* dilarapkeun dina nulis wawaran, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun nyaéta guru kudu leuwih kreatif dina milih kecap galeuh, anu bisa dimekarkeun jadi kalimah atawa paragraf jeung guru kudu ngabagi kelompok sacara heterogen sangkan siswa bisa silih bantuan.